

Rezime Plan Estratejik pou

Ekite nan MAH, Mount Auburn Hospital: Kiyès Nou Ye

Mount Auburn Hospital fè pati Beth Israel Lahey Health (BILH), yon sistèm swen sante konplè ak gwo valè ki twouve li nan Boston, nan lès Massachusetts ak nan sid New Hampshire. Sistèm nan, ki te kreye an 2019, gen 13 lopital, 25 enstalasyon anbilatwa, 850 doktè premye rekou, 4 300 doktè, 9 000 enfimyè, epi sèvi plis pase 1.3 milyon pasyan alantou pati lès Massachusetts. BILH se dezyèm pi gwo sistèm swen sante nan Commonwealth la, ak yon bidjè fonksyònman \$6B, 35,000 anplwaye, 152,000 egzeyat, 380,000 vizit nan Sèvis Ijans, ak 4.8 milyon konsiltasyon ekstèn chak ane.

Defini Ekite nan Sante nan Mount Auburn

BILH angaje l pou pasyan yo resevwa swen ak rezulta ki pi ekitab posib, kèlkeswa kote pasyan yo kòmanse oswa ap kontinye vwayaj swen sante yo. Apwòch BILH sou Divèsite, Ekite ak Enklizyon (DEI) inik paske ekite nan sante nan sant tout travay la - atravè talan, swen pasyan, kominote ak rechèch epi ak inovasyon. Apwòch fondamantal sa alafwa delibere ak esansyèl; sèl fason pou fè pwogrè siyifikatif nan elimine diferans nan aksè, eksperyans swen an ak rezulta sante atravè sistèm sante a twouve li atravè yon seri estrateji konplè ki entegre rechèch ak inovasyon, prestasyon swen ak sipò pou ekip swen, ak angajman kolaboratif ak kominote ki antoure yo.

Mount Auburn Hospital angaje l pou l sèvi ak yon estrateji ki baze sou done pou evalye si swen, sèvis, ak eksperyans yo menm, oswa differan, atravè yon seri done demografik, tankou sèks, ras, koulè, laj, relijon, orijin nasional, andikap, estati veteran, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl ak/oswa estati sosyo-ekonomik. Ekite nan swen sante dekri egalite nan eksperyans aksè ak entèraksyon ak sistèm swen sante a ak lopital la. Vizyon ekite a pèmèt nou egzamine si pasyan yo gen eksperyans ak rezulta ki menm, malgre differan faktè demografik yo.

Rezime Egzekitif Plan Estratejik pou Ekite nan Sante


Antanke sistèm, objektif BILH nan DEI a se transfòme prestasyon swen yo nan demonte baryè ki genyen nan rezulta sante ekitab epi vin premye sistèm sante k ap atire, kenbe ak devlope talan divèrsifye. Gen twa objektif prensipal ki sipòte vizyon sa ki pral pèmèt BILH mezire pwogrè yo alontèm.

- Talan: nou vize pou gen yon mendèv ki reflete divèsite k ap ogmante nan kominote BILH ap sèvi yo, nan mete aksan sou reprezentasyon nan wòl lidèchip ak sèvis swen.

- Pasyan: nou vize elimine diferans ki genyen nan rezulta sante nan divèsite popilasyon pasyan nou an.
- Kominote: nou vize pou elaji envestisman nan kominote ki manke reprezante istorikman pou redui eka sosyo-économik ki afekte sante popilasyon an.

Pou operasyonalize objektif sa yo, BILH te devlope yon Bwat zouti pou Developman Kapasite DEI ki bay kad pou lopital ak inite klinik li yo pou aplike inisyativ estratejik DEI yo. Bwat zouti a, jan sa endike anba a, gen ladan sis kapasite espesifik pou mendèv la, uit kapasite espesifik pou ekite nan sante, ki pral mete aksan sou plan estratejik sa a ak twa kapasite espesifik pou divèsite founisè yo.

Kad Developman Kapasite DEI



Mount Auburn Hospital te apiye sou apwòch sa a pou idantifye objektif sa yo nan domèn Talan, Pasyan ak Kominote:

Amelyore Divèsite, Ekite ak Enklizyon nan domèn KARYÈ:

Objektif	Amelyore Divèsite, Ekite ak Enklizyon nan domèn Karyè:
Objektif yo	<p>A. Idantifye opòtinite pou amelyorasyon nan repons nan seri kesyon Glint DEI a</p> <p>B. Egzaminen done demografik anplwaye BIPOC yo epi idantifye posiblité amelyorasyon yo</p> <p>C. Devlope kontni oryantasyon DEI epi entegre yo nan oryantasyon nouvo anplwaye yo</p> <p>D. Aplike politik (oswa revize yon politik aktyèl) sou sipò kòlèg ki viktim mikwo-agresyon, edike sou siyalman ka sa yo epi asire enfòmasyon sou tandans yo revize nan Konsèy DEI a.</p> <p>E. Pwodui yon Kalandriye Aktivite pou egzèsis 2024 la pou ranfòse angajman anplwaye nan obsèvans DEI yo</p> <p>F. Konprann Gid pou rekritman enklizif ki an plas nan MAH epi idantifye opòtinite</p>

	pou jwenn pi plis adezyon
--	---------------------------

Amelyore Divèsite, Ekite ak Enklizyon nan domèn SANTE :

Objektif	Amelyore Divèsite, Ekite ak Enklizyon nan domèn Sante:
Objektif yo	<ul style="list-style-type: none"> D. Ekip K ap Dirije a ap idantifye Lidè Ekite nan Sante ak yon estrikti gouvènans E. Kontwole ak amelyore done REAL ak SOGI yo. F. Amelyore konfòmite ak kalandriye travay Jesyonè Ka yo pou jwenn repons a kesyon depistaj SDoh a, li rive nan plis pase 50% soti nan 40% apati septanm 2024. G. Evalye pi bon pratik pou reponn a nivo alfabetizasyon pasyan yo nan dokiman ekri yo. H. Deplwaye fòmasyon sou aksè pou moun ki andikape pou tout anplwaye yo I. Pwofite de enterè PFAC pou travay DEI ak Diskriminasyon pou gide entèvansyon yo J. Kontwole Entèvansyon yo pou Amelyore Alètman Matènèl Eksklizif lakay pasyan ki Pale Espanyòl pou asire amelyorasyon kontinyèl

Amelyore Divèsite, Ekite ak Enklizyon nan domèn KOMINOTE :

Objektif	Amelyore Divèsite, Ekite ak Enklizyon nan domèn Kominote
Objektif yo	<ul style="list-style-type: none"> A. Politik: Elabore yon politik ki priyorize divèsite founisè yo B. Analiz debaz; Fè analiz debaz sou eta aktyèl divèsite founisè yo C. Kontra Elaji: Verifye kontra sistèm nan epi fè yo koresponn lokalman si sa posib

Ki jan Mount Auburn entegre vwa manm ak kominote a

BILH entegre vwa manm MassHealth yo ak kominote a nan planifikasyon estratejik ekite nan sante ak jefò aplikasyon li atravè divès komite ak gwoup travay ki gen rapò ak ekite nan sante li yo, jefò sansibilizasyon pasyan yo, gwoup ki konsantre sou pasyan yo, sondaj peryodik sou eksperyans pasyan yo, entèvyou patnè kominotè yo, kòmantè konsiltatif pasyan/fanmi yo, ak pasyan konplè ak evalyasyon bezwen sante nan kominote a.

Komite Konsiltatif Pasyan ak Fanmi Lopital Mount Auburn a patisipe nan tou de Ko-Prezidan Konsèy Divèsite, Ekite, ak Enklizyon, ak Prezidan Komite sou Inegalite nan Swen Sante a. Komite Konsiltatif Pasyan ak Fanmi an te byen konsantre li sou divèsite, ekite ak enklizyon depi evènman George Floyd la an 2020, epi li te angaje nan konprann ak amelyore ekite sante. Komite a te pilote avèk siksè yon atelye fòmasyon sou patipri san konesans, evalye done sosyo-demografik ki gen rapò ak reyadmisyon ak obsèvans terapeutik, epi evalye ensekirite alimantè kòm yon faktè pou reyadmisyon.